



# The Commonwealth of Massachusetts

## DEPARTMENT OF PUBLIC UTILITIES (DEPATMAN SÈVIS PIBLIK oswa D.P.U.)

### ANONS SOU DESIZYON AK ODISYON PIBLIK

D.P.U. 23-150

15 Desanm 2023

Demann Konpayi Elektrik Massachusetts la (Massachusetts Electric Company) ak Konpayi Elektrik Nantucket la (Nantucket Electric Company) fè, k ap fè biznis antanke Elektrisite Nasyonal (National Grid), ann amoni ak Lwa Jeneral Massachusetts (G.L.) chapit 164, paragraf 94 ak 220 Kòd Regleman Massachusetts (CMR) 5.00, pou jwenn apwobasyon pou yo ogmante jeneral to de baz yo pou kouran, pou yo fè yon plan pou fikse to yo sou baz pèfòmans, e pou yon metòd pou ratrape lajan.

---

Nan dat ki te 16 novanm 2023 a, Konpayi Elektrik Massachusetts la (“MECo”) ak Konpayi Elektrik Nantucket la (“Konpayi Elektrik Nantucket”), k ap fè biznis, yo chak, antanke Elektrisite Nasyonal (“Elektrisite Nasyonal” oswa “Konpayi”), te depoze yon demann bay Depatman Sèvis Piblik la (“Depatman”) pou yo ogmante to moun peye pou kouran. Depatman an te enskri afè sa a kòm D.P.U. 23-150 epi l voye dat pou to yo ogmante pou 1 oktòb 2024 pou yo ka envestige fondman demann Konpayi a fè a. Men dènye fwa yo te bay Konpayi Elektrik Massachusetts la ak Konpayi Elektrik Nantucket la ogmante to sèvis yo: D.P.U. 18-150 (2019).

Elektrisite Nasyonal ap chèche ogmante to de baz li yo pou kouran pou l ka jwenn \$131,232,856 anplis kòm revni pou kouran. Mete sou sa, Konpayi a pwopoze pou l transfere lajan yo jwenn grasa sèten metòd rekonsilyasyon, ansanm ak enpo sou revni ki asosye avèk yo, sa ki pral fè gen yon ogmantasyon de \$389,766 nan revni pou kouran apati 1 oktòb 2024. Sou baz pwopozisyon sa yo, ogmantasyon yo pwopoze angwo nan revni pou kouran an se \$131,622,621, ki reprezante yon ogmantasyon nan revni pou kouran de anviwon 12.7 pousan. Ogmantasyon nan to pou kouran yo pwopoze a ajoute sou lòt chanjman ki te fèt nan lòt frè, tankou frè pou founisman ak metòd rekonsilyasyon, ki te fèt pandan ane a.

Kòm yon pati nan demann li depoze a, Elektrisite Nasyonal pwopoze yon Plan Envestisman ak Pèfòmans Konplè (“CPI”) ki gen ladan l 2 bagay prensipal. Premyèman, Konpayi a ap chèche aplike yon metòd pou ogmante to sèvis ki baze sou pèfòmans (“PBR”) pou depans pou fonksyonman ak mentnans (“O&M”) sèlman, sa ki t ap pèmèt Konpayi a ajiste to sèvis de baz yo chak ane pa mwayen aplikasyon yon fòmil matematik ki mete yon limit sou revni. Konpayi a pwopoze pou l aplike metòd PBR la pandan 5 an. Pandan PBR la an vigè, fòmil yo pwopoze pou limite revni an ogmante sou baz revni yo jwenn pou kouran, selon faktè ki gen rapò ak O&M, sèvis, ak enflasyon. Plan PBR la gen ladan l tou yon pati pou ede yo ratrape sèten depans pou fonksyonman ki gen rapò ak envestisman kapital, yon pati pou ratrape oubyen remèt depans ki

gen rapò ak bagay ekstèn ki pa sou kontwòl Konpayi a, yon pati pou pataje revni ki depase limit la, ak yon faktè pou ratrape dèt pou mande ajisteman nan revni pou reflekte ogmantasyon oswa diminisyon nan to enterè yo pandan peryòd 5 ane a.

Dezyèmman, kòm yon pati nan Plan CPI yo pwopoze a, Konpayi a ap chèche mete sou pye yon metòd rekonsilyasyon pou Enfrastrikti, Sekirite, Fyabilite, ak Elektrifikasyon (“ISRE”). Selon Elekrisite Nasyonal, metòd rekonsilyasyon ISRE a t ap ratrape: (1) envèstisman Konpayi a fè nan pwojè kapital de baz ki nesèsè pou bay kliyan yo sèvis elektrik ki san danje e ki fyab; (2) Envèstisman Elekrisite Nasyonal fè nan pwojè kapital ki nesèsè pou egzekite Plan Modènizasyon Sektè Elektrik Konpayi a (“ESMP”); ak (3) depans ki fèt pou ESMP a. Y ap depoze ESMP Konpayi a nan dat 29 janvyè 2024 la, epi l pral depann de yon investigasyon anba enskripsyon Konpayi Elektrik Massachusetts la ak Konpayi Elektrik Nantucket la, D.P.U. 24-11. Nan pwosesis sa a, Konpayi a pap mande Depatman an egzamine oswa apwouve okenn envèstisman ESMP. Moun ki enplike ki ta renmen patisipe nan pwosesis sa a dwe rekonèt Depatman an pa gen entansyon pou afè sa a dezyèm kote pou yo jere kesyon ki pi apwopriye pou yo jere nan afè D.P.U. 24-11.

Kòm yon pati nan demann li depoze a, Elekrisite Nasyonal la pwopoze yon seri rekonpans ak penalite ki lye ak pwogrè ak pèfòmans Konpayi a anba metòd PBR la e anrapò ak pwojè kapital de baz yo selon metòd rekonsilyasyon ISRE a. Anplis de sa, Konpayi a pwopoze yon seri kanè ki pèmèt yo kontwole e pibliye pèfòmans fonksyonman Konpayi a nan lòt domèn.

Anplis pwopozisyon sa yo, Elekrisite Nasyonal fè pwopozisyon konsènan kontinyasyon dekouplaj revni konplè, ki se yon metòd ki gen rapò ak tarif yo ki detache revni Konpayi a ak lavant li. Konpayi a fè pwopozisyon tou konsènan ratrapaj depans ki gen rapò ak pwogram jesyon plant li an ak kontinyasyon ak agrandisman premye pwogram jesyon plant lan. Pwogram sa yo fèt pou yo diminye depans ak mentnans oswa amelyore sekirite ak fyabilite lè yo pèmèt yo diminye danje sekirite, deranjman nan sèvis, ak lòt deranjman ki gen rapò ak plant, san wete lè yo ranfòse sistèm distribisyon an. Konpayi a ap chèche tou pou yo modifye sèten pwovizyon ki gen nan fon tanpèt la ki fèt pou soutni sipò revni pou abòde gwo move tan. Mete sou sa, Elekrisite Nasyonal pwopoze ajisteman nan sèten kategori revni ak kategori depans; ratrapaj sèten envèstisman kapital ki te fèt rive 2023; yon modifikasyon tanporè nan direksyon sou kalite sèvis yo; jan kèk kontè ap depafini pi vit; ak transfè ratrapaj depans kapital ki gen rapò ak kontè sou metòd rekonsilyasyon enfrastrikti kontè avanse anyèl la (“AMI”).

Anplis de sa, demann Elekrisite Nasyonal depoze a gen ladan l diferan pwopozisyon anrapò ak to sèvis yo, san wete chanjman nan kliyan ak demann; yon opsyon pou pri pou mete kouran pou kliyan rezidansyèl ki nan klas R-1 an ki itilize teknoloji wo vitès, tankou ponp chofaj elektrik ak chajè machin elektrik moun mete lakay yo; yon sistèm rabè plizyè nivo pou moun ki gen yon revni ki fèb ki baze sou nivo revni kliyan ki nan klas R-2; pwopozisyon sou diferan pri pou limyè ki nan lari a; ak plizyè diferan chanjman nan tarif.

Sa n pale pi wo a pa fèt pou l yon lis konplè sou tout pwopozisyon ki nan demann Konpayi a depoze a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwopozisyon nou sot pale yo ak tout lòt pwopozisyon Elekrisite Nasyonal la te fè nan demann li te depoze sou sit wèb Depatman an ki pi ba a.

Elekrisite Nasyonal di si yo apwouve demann li an jan l ye, kliyan yo mèt atann chanjman nan bòdwo ki vin apre yo. Chanjman nan bòdwo ki vin apre yo pa gen ladan yo chanjman ki ka rive akòz pwopozisyon Konpayi a fè pou l transfere depans kapital ki gen rapò ak kontè sou metòd rekonsilyasyon AMI a, jan n te note sa pi wo a:

Pou kliyan MECo yo:

- Yon kliyan sèvis rezidansyèl de baz ki resevwa sèvis selon To R-1 an ki itilize 600 kilowatè (kWh) elekrisite an mwayèn chak mwa pral wè bòdwo li ogmante \$7.86 (3.7 pousan) chak mwa.
- Yon kliyan sèvis rezidansyèl de baz ki jwenn sèvis selon To R-1 an ki gen opsyon pri elektrifikasyon an, ki itilize 1000 kWh elekrisite an mwayèn chak mwa pral wè bòdwo li diminye \$17.88 (5.1 pousan) chak mwa.
- Yon kliyan sèvis rezidansyèl de baz ki jwenn sèvis selon To R-2 ki itilize 600 kWh elekrisite chak mwa an mwayèn ka wè efè sou bòdwo li ki varye, sa depan de pousantaj rabè yo jwenn poutèt revni yo fèb:
  - Kliyan ki jwenn rabè 32 pousan pral wè bòdwo yo ogmante \$5.35 (3.9 pousan) chak mwa;
  - Kliyan ki jwenn yon rabè 36 pousan pral wè bòdwo yo diminye \$2.99 (2.2 pousan) chak mwa an mwayèn;
  - Kliyan ki jwenn rabè 44 pousan pral wè bòdwo yo diminye \$19.66 (14.4 pousan) an mwayèn chak mwa;
  - Kliyan ki jwenn 49 pousan rabè pral wè bòdwo yo diminye \$30.08 (22.1 pousan) an mwayèn chak mwa; epi
  - Kliyan ki jwenn 55 pousan rabè pral wè bòdwo yo diminye \$42.59 (31.2 pousan) chak mwa an mwayèn.
- Kliyan sèvis Komèsyal e Endistriyèl (“C&I”) de baz yo mèt atann chanjman nan bòdwo yo ki varye, sa depan de jan yo itilize kouran ak klasman yo. Konpayi a di chanjman nan bòdwo an mwayèn chak mwa pou kliyan C&I yo ki itilize kantite kouran an mwayèn yo itilize nan chak klas pral varye ant ogmantasyon de 0.7 pousan rive nan yon ogmantasyon 16.4 pousan. Kliyan C&I yo dwe kontakte Konpayi a, jan n endike sa pi ba a, pou yo wè ki efè chanjman yo ap gen sou bòdwo pa yo.

Pou kliyan Elektrisite Nantucket yo:

- Yon kliyan sèvis rezidansyèl de baz ki jwenn sèvis selon Klas R-1 an ki itilize 600 kWh elektrisite an mwayèn chak mwa pral wè bòdwo yo ogmante \$7.86 (3.7 pousan) chak mwa an mwayèn.
- Yon kliyan rezidansyèl de baz ki jwenn sèvis selon Klas R-1, ki gen opsyon pri elektrifikasyon an, ki itilize 1,000 kWh elektrisite chak mwa an mwayèn pral wè bòdwo yo diminye \$17.88 (5.1 pousan) chak mwa an mwayèn.
- Yon kliyan sèvis rezidansyèl de baz ki jwenn sèvis selon Klas R-2 a ki itilize 600 kWh elektrisite an mwayèn chak mwa ka atann chanjman nan bòdwo yo ki varye, sa depann de pousantaj rabè yo jwenn selon revni yo:
  - Kliyan ki jwenn rabè 32 pousan pral wè bòdwo yo ogmante \$5.35 (3.9 pousan) chak mwa;
  - Kliyan ki jwenn yon rabè 36 pousan pral wè bòdwo yo diminye \$3.03 (2.2 pousan) chak mwa an mwayèn;
  - Kliyan ki jwenn rabè 44 pousan pral wè bòdwo yo diminye \$19.77 (14.4 pousan) an mwayèn chak mwa;
  - Kliyan ki jwenn 49 pousan rabè pral wè bòdwo yo diminye \$30.24 (22.1 pousan) an mwayèn chak mwa; epi
  - Kliyan ki jwenn 55 pousan rabè pral wè bòdwo yo diminye \$42.80 (31.2 pousan) chak mwa an mwayèn.
- Kliyan sèvis C&I de baz yo mèt atann chanjman nan bòdwo yo ki varye, sa depann de jan yo itilize kouran ak klasman yo. Konpayi a di chanjman nan bòdwo an mwayèn chak mwa pou kliyan C&I yo ki itilize kantite kouran an mwayèn yo itilize nan chak klas pral varye ant ogmantasyon de 0.7 pousan rive nan yon ogmantasyon 16.2 pousan. Kliyan C&I yo dwe kontakte Konpayi a, jan n endike sa pi ba a, pou yo wè ki efè chanjman yo ap gen sou bòdwo pa yo.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou chanjman nan bòdwo ak lòt detay sou demann Konpayi a fè a nan: <https://www.mass.gov/info-details/dpu-23-150-national-grid-electric-base-distribution-rate-case>.

Avoka Jeneral Eta Massachusetts la (“Avoka Jeneral”) depoze yon anons de entèvansyon nan afè sa a ann amoni ak G.L. chapit 12, paragraf 11E(a). Mete sou sa, ann amoni ak G.L. chapit 12, paragraf 11E(b), Avoka Jeneral la depoze yon anons sou espè ak konsiltan li pral itilize pou ede l envestige demann Konpayi a depoze a epi l mande apwobasyon Depatman an pou l ka depanse jiska \$550,000 pou afè sa a. Ann amoni ak G.L. chapit 12, paragraf 11E(b), depans Avoka

Jeneral la fè ki gen rapò ak espè ak konsiltan li pral itilize yo, y ap ka rejwenn lajan sa yo nan to sèvis Konpayi a.

Depatman an pral fè 6 odisyon piblik an pèsòn pou jwenn kòmantè sou demann Konpayi a fè a, jan n detaye sa pi ba a:

**12 Mas 2024 a 7:00 p.m.**

Oditoryòm de Lès Lekòl Elemantè South Lawrence la  
165 Crawford Street, Lawrence, MA 01843  
(ap gen entèprèt espanyòl)

**14 Mas 2024 a 7:00 p.m.**

Sant Shaw  
1 Feinberg Way, Brockton, MA 02301  
(ap gen entèprèt espanyòl, pòtigè, ak kreyòl ayisyen)

**19 Mas 2024 a 7:00 p.m.**

Lise North Quincy  
316 Hancock Street, Quincy, MA 02171  
(ap gen entèprèt chinwa mandaren)

**3 Avril 2024 a 7:00 p.m.**

Lis Teknik Worcester, Oditoryòm  
1 Officer Manny Familia Way, Worcester, MA 01605  
(ap gen entèprèt espanyòl ak pòtigè)

**4 Avril 2024 a 7:00 p.m.**

Sal Kominotè Fondasyon Lekòl Prezantasyon (PSF)  
4 Fairgrounds Road, Nantucket, MA 02554  
(ap gen entèprèt espanyòl)

**9 Avril 2024 a 7:00 p.m.**

Lise Rejyonal Mòn Moniman  
600 Stockbridge Road, Great Barrington, MA 01230  
(ap gen entèprèt espanyòl)

Mete sou sa, Depatman an pral fè 2 odisyon piblik anliy avèk videyokonferans pa mwayen Zoom nan dat **21 mas 2024. Premye sesyon an pral kòmanse a 2:00 p.m., epi dezyèm nan sesyon an pral kòmanse a 7:00 p.m.** Moun ki vle asiste ka antre nan nenpòt nan sesyon yo avèk lyen sa a: <https://us06web.zoom.us/j/86918048614> avèk yon òdinatè, telefòn entelijan, oubyen tablèt. Ou pa bezwen telechaje lòt lojisye davans. Pou w suiv odisyon piblik yo avèk odyo sèlman, ou ka rele nan +1 309 205 3325 (ka gen frè), apre sa mete nimewo ID Seminè a: 869 1804 8614. Ap gen sèvis entèprèt (espanyòl, pòtigè, kreyòl ayisyen, chinwa mandaren, ak kmè) sou Zoom lè w klike sou bouton “Interpretation” an (entèprèt) nan meni ki anba ekran Zoom nan, apre sa chwazi lang pa w la (pa egzanp, anglè, espanyòl, pòtigè, kreyòl ayisyen, chinwa mandaren, oswa kmè).

Depatman an pral aksepte kòmantè ekri sou demann Konpayi a depoze a jiska fen jounen travay la (**5:00 p.m. nan dat 30 avril 2024 la**). Piblik la ka voye kòmantè ekri yo nan imèl bay [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov), Ajan Odisyon an nan [marc.tassone@mass.gov](mailto:marc.tassone@mass.gov), ak avoka Konpayi a, Robert J. Humm, Esq., nan [rhum@keeganwerlin.com](mailto:rhum@keeganwerlin.com). **Tanpri, note sa: yon fason pou pa kache anyen, n ap poste tout kòmantè yo sou sit wèb nou an jan nou te jwenn yo, san nou pa efase enfòmasyon pèsònèl, tankou adrès, nimewo telefòn, oswa adrès imèl. Pakonsekan, panse ak ki kantite enfòmasyon w ta renmen pataje lè w remèt kòmantè w.** Depatman an vrèman ankouraje piblik la pou yo remèt kòmantè yo pa mwayen imèl. Sepandan, si yon moun pa kapab voye kòmantè ekri li nan imèl, li gendwa voye yon kopi enprime kòmantè a bay Mark D. Marini, Secretary, Department of Public Utilities, One South Station, Boston, Massachusetts, 02110.

Nenpòt moun ki ta renmen patisipe yon lòt fason nan faz prèv la nan pwosesis sa a dwe depoze yon demann pèmisyon pou entèvni anvan **5:00 p.m. nan dat 12 janvye 2024**. Yon demann pèmisyon pou entèvni dwe ranpli kritè yo anrapò ak delè ak sibstans ki nan 220 CMR 1.03. Lè Depatman an resevwa demann nan, se lè sa a moun nan depoze demann li an, epi se sak pral detèmine si l depoze l atan. Yo gendwa rejte kòm anreta yon demann yo resevwa anreta, sof si yo montre gen yon bon rezon pou yo pa fè sa, selon 220 CMR 1.01(4). Pou yo pèmèt li, yon demann ki ann amoni ak 220 CMR 1.03(1) dwe satisfè kritè ki nan G.L. chapit 30A, paragaf 10. Yo dwe depoze tout repons pou tout demann pou entèvni anvan 5:00 p.m. nan dezyèm jou travay apre yo te depoze demann pou entèvni an. Nenpot moun k ap chèche entèvni nan afè sa a ki ta renmen fè kòmantè sou anons espè ak konsiltan Avoka Jeneral la fè a dwe depoze kòmantè l anvan **5:00 p.m. nan dat 12 janvye 2024**.

Ou dwe voye tout dokiman w ap depoze bay Depatman an nan **fòma .pdf** pa mwayen atachman imèl nan adrès imèl sa a: [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov), epi ou dwe voye l bay Ajan Odisyon an ak avoka Konpayi a nan adrès imèl ki pi wo yo. Fòk tèks imèl la presize: (1) nimewo enskripsyon afè a (D.P.U. 23-150); (2) non moun oswa konpayi k ap depoze l la; ak (3) yon ti tit deskriptif pou dokiman an.

Tout dokiman yo depoze nan fòma elektwonik, y ap poste yo sou sit wèb Depatman an nan Sal Fichye nou an osito sa posib (tape “23-150”) nan: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber>. Otank yon moun oubyen antite vle depoze kòmantè oubyen entèvni ann amoni ak Anons sa a, li sifi pou yo depoze demann yo nan fòma elektwonik, jan n te di sa pi wo a. Pou mande materyèl nan fòma ki aksesib pou moun ki gen andikap (Bray, gwo lèt, fichye dijital, fòma odyo), tanpri, kontakte kowòdonatè Lwa sou Amerkien ki gen Andikap (ADA) Depatman an nan [Gabriella.Knight@mass.gov](mailto:Gabriella.Knight@mass.gov) anvan **1 mas 2024**.

Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan demann Konpayi a depoze a, tanpri, kontakte avoka Konpayi nou te idantifye pi wo a. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Anons sa a, tanpri, kontakte Marc J. Tassone, Ajan Odisyon an, Depatman Sèvis Piblik la, nan [marc.tassone@mass.gov](mailto:marc.tassone@mass.gov) oswa al gade: <https://www.mass.gov/info-details/dpu-23-150-national-grid-electric-base-distribution-rate-case>.